



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN "RAVEN'S CHALLENGE" NAN SANT FÒMASYON POU PREPARASYON ETA A

Plis pase 100 pèsonèl sekirite piblik ak militè nan Eta New York ak nan lòt rejyon nan peyi a ak nan mond lan patisipe nan fòmasyon sou aparèy eksplozif enpwovize

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York fèk òganize "Raven's Challenge" 2024 la, pi gwo egzèsis fòmasyon anyèl nan mond lan pou inite lapolis ki dezame bonm ak ekip militè netralizasyon eksplozif ak minisyon nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta (State Preparedness Training Center, SPTC) nan Oriskany, New York. Teknisyen bonm yo ak pèsonèl militè ki reprezante divès kote atravè Eta New York, peyi a, ak mond lan, tankou Almay, Polòy, Ikrèn ak Kanada, te patisipe nan egzèsis la epi angaje yo nan fòmasyon sou taktik entèvansyon kont aparèy eksplozif enpwovize.

"Nou kontan paske nou se eta ki akeyi pèsonèl sekirite piblik ak militè yo pou ranfòse konpetans yo nan preparasyon pou sitiyaasyon ijans yo epi ranfòse relasyon ant sekouris ijans eta yo ak moun ki soti atravè mond lan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York gen kèk nan pi bon sant fòmasyon, epi pratik sa yo pral asire premye sekouris nou yo ka entèvni yon fason efikas nan nenpòt sitiyaasyon epi pwoteje piblik la."

Pandan egzèsis la ki dire yon semèn, ekip yo te fè fòmasyon sou senaryo ki baze sou kontèks aktyèl menas ak ransèyman, yo te devlope konpetans ak kapasite tankou echanj enfòmasyon, konstitisyon ekip, ak travay nan anviwònman reyalis. Anpil rejyon nan Eta a ak peyi a, ak kèk òganizasyon atravè mond lan te reprezante nan egzèsis ane sa a, tankou:

- Depatman Lapolis Konte Allegheny nan Pennsylvania (Allegheny County PA Police Department)
- Biwo Cherif Konte Butler nan Ohio (Butler County OH Sheriff's Office)
- Depatman Lapolis Vil Erie nan Pennsylvania (City of Erie PA Police Department)
- Biwo Cherif Konte Erie nan New York (Erie County NY Sheriff's Office)
- Biwo Cherif Konte Erie nan Pennsylvania (Erie County PA Sheriff's Office)
- Lapolis Federal German (German Federal Police)
- Lapolis Eta Massachusetts (Massachusetts State Police)

- Biwo Cherif Konte Monroe nan New Jersey (Monroe County NJ Sheriff's Office)
- Depatman Lapolis New Haven nan Connecticut (New Haven CT Police Department)
- Lapolis Eta New Jersey (New Jersey State Police)
- Lapolis Eta New York (New York State Police)
- Biwo Cherif Konte Onondaga (Onondaga County Sheriff's Office)
- Depatman Lapolis Pittsburgh nan Pennsylvania (Pittsburgh PA Police Department)
- Netralizasyon Minisyon ak Eksplozif an Polòy (Poland OED)
- Depatman Lapolis Vil Rochester (City of Rochester Police Department)
- Depatman Lapolis Vil Syracuse (City of Syracuse Police Department)
- Lapolis Toronto nan Kanada (Toronto CAN Police)
- Inite Aparèy Danjere (HDU) Lapolis Portland nan Maine, ME
- Netralizasyon Minisyon ak Eksplozif Ikrenyen (Ukrainian EOD)
- Lapolis Kapitòl Etazini (U.S. Capitol Police)
- Depatman Defans Ameriken (U.S. Department of Defense)
- Sèvis Lapolis Rejyonal Waterloo nan Kanada (Waterloo CAN Regional Police Services)

Se lame Ameriken (U.S. Army) an ki finanse Raven's Challenge lan epi Biwo federal Alkòl, Tabak, Zam Afe ak Eksplozif (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms and Explosives, ATF) ak ajans patnè yo ki gen ladan lame a, Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS), Biwo Federal Envestigasyon (Federal Bureau of Investigation FBI), ak ajans fòs de lòd eta ak lokal yo ki kowòdone li. ATF te òganize egzèsis Raven's Challenge ane sa a tou nan Washington, Virginia, Utah ak Kentucky. Se senkyèm fwa Eta New York òganize egzèsis entè-ajans sa a nan SPTC.

Depi 2006, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) te administre 29.6 milyon dola nan finansman federal sekirite enteryè pou sipòte 12 inite lokal lapolis pou dezame bonm ke FBI akredite nan Eta New York. Finansman sa a, ansanm ak egzèsis fòmasyon efikas tankou Raven's Challenge, ede prepare ekip sa yo pou reponn ak peyizaj menas New York k ap evolye tout tan.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Eta New York eksplwate youn nan pi bon sant fòmasyon premye sekouris nan mond lan e nou te kontan òganize Raven's Challenge prestijye a ane sa a. Rasanble sekouris ijans atravè peyi a ak atravè mond lan pou kalite fòmasyon sa a ka ede ankouraje pi bon pratik ak devlope patenarya ki ka trè benefik lè yon sityasyon kriz rive."

Bryan Miller, Ajan Espesyal Responsab ATF NY te deklare, "Fòmasyon sa a elaji patenarya lokal, eta ak federal nou yo ki asire sekirite piblik la lè ajans yo reponn ak menas k ap deklannche ki enplike eksplozif. Nou trè fyè de patenarya nou ak NYS DHSES epi nou akeyi opòtinite pou nou fòme pwofesyonèl yo nan yon sant fòmasyon

prensipal. Kolaborasyon sere ant òganizasyon sa yo se yon temwayaj ekspètiz ak pwofesyonalis tout pati ki enplike yo."

Apwopo Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a

Eta New York abrite youn nan prensipal sant fòmasyon pou premye entèvansyon nan nasyon an - ki se Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta (SPTC) nan Oriskany. Sitiye sou 445 ekta, SPTC ofri yon vas seri sit fòmasyon reyalis, yon sit Fòmasyon Inondasyon ak Dlo Viv (Swift Water and Flood Training, SWFT), yon konplèks CityScape 45,000 pye kare, ak yon similatè Rechèch ak Sovtaj Iben (Urban Search and Rescue, USAR). Soti nan konferans ak diskisyon nan sal klas yo, pase nan liy devlopman konpetans, yo rive nan reyelite ak fòmasyon ki baze sou senaryo wo pèfòmans, SPTC ofri ajans eta, lokal ak federal yo yon seri opòtinite pou fòmasyon dinamik nan kad premye entèvansyon ijans.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, jwenn nou sou Facebook, swiv nou sou Twitter oswa Instagram, oswa vizite sit entènèt nou an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)